

Sa se **anvlòp dinamik la**  
(Li etann li sou 6 pye rive jis lòtbò ray la)




# PA FÈ

- ▶ Kanpe sou ray la.
- ▶ Kanpe anndan anvlòp dinamik la.
- ▶ Eseye retire machin ki anpàn la.



Pèdi yon vi se  
deja twòp.






**KÈLKESWA JAN OU PANSE  
OU RAPID LA, TREN AN  
TOUJOU PI RAPID.**

**Kit ou ap mache, ou  
sou bisiklèt oswa ou ap kondui  
yon machin, men kèk bagay  
senp pou “FÈ” epi “PA FÈ” pou  
**ENTELIJAN SOU RAY TREN.****

# PA FÈ

- ▶ Pase sou kote oswa anba baryè yo lè yo desann.
- ▶ Kanpe sou ray yo.
- ▶ Pase nan wout kout arebò oswa anlè ray yo – sa se depase limit la.
- ▶ Pale nan telefòn, voye mesaj tèks oswa koute nan kas lè ou ap travèse ray yo.
- ▶ Lonje men, janm oswa nenpòt lòt pati nan kò ou depase baryè oswa kote pou kanpe a.
- ▶ Travèse ray yo lè limyè wouj ap flache.






**Pèdi yon vi se  
deja twòp.**

**REPORT PROBLEM  
OR EMERGENCY  
000-000-0000  
X-ING   
XYZ RAILROAD**

- ! Si ou wè yon pano ki andomaje, yon siyal ki pa byen fonksyone oswa ou pa ka wè byen, rele nimewo ijans pou ray tren yo ki make sou Pano Notifikasyon Ijans koulè ble ki chak kote wout la pase sou ray yo.
- ! Si ou wè yon machin anpàn oswa yon moun ap mache sou ray yo, rele nimewo ijans pou ray tren yo.

## **ENFÒMASYON SOU RAY YO**

- Gen kèk tren ki kapab kouri jiska 80 mph.
- Sa pran plis pase yon (1) mil pou kèk tren kanpe.
- Yon tren ki ap pwoche kapab pi pre epi kouri pi rapid pase jan li parèt.



**KÈLKESWA JAN OU PANSE  
OU RAPID LA, TREN AN  
TOUJOU PI RAPID.**

**Kit ou ap mache, ou  
sou bisiklèt oswa ou ap kondui  
yon machin, men kèk bagay  
senp pou “FÈ” epi “PA FÈ” pou  
**ENTELIJAN SOU RAY TREN.****

# FÈ

- ▶ Rete dèyè liy oswa baryè kanpe a pandan ou ap tann tren an pase.
- ▶ Tann baryè yo fin leve nèt anvan ou travèse.
- ▶ Gade adwat agoch pou asire w pa gen okenn tren ki ap vini.
- ▶ Itilize twotwa yo oswa lòt kote yo bay pou travèse yo.
- ▶ Obeyi tout siyal ak tout pano avètisman yo.
- ▶ Rele nimewo ki make sou Pano Notifikasyon Ijans koulè ble ki nan chak kote wout la pase sou ray yo pou ou siyale yon pwoblèm oswa yon ijans.



**BE  
RAIL  
SMART**

